gancang,*

*di jalan kuda sabulan
malah punjul tujuh peutung
nagara kaliwat jembar.
Jembar gusti jegud abid
sugih.
Kayana ka sisi sisi
wantuning nagara punjul.
Cacakan nagara lebar
kuat nyokong abid-abid.
Bangsa kapir kabeh sanagara eta.*

*Ngaran nagara Sungaro
bupatina raja Kabti,
kagungan sahiji putri
geulisna kawanti-wanti.*

27. Mariah// nu ayu punjul
ti batur
taya pisan kuciwana
rupa terus kana budi
mapan nyaur murub mubyar
kucahya.

*Someah tur lantip manah
nya surti bacacar budi
Taktak lir taraju ameun
lenggik ramping ayu kuning
budi remi halis anti
arengkuh alus nya timpuh
cacak anak raja.
Nu ngalamar balawiri teu
ditampa
tacan cop jeung manah rama.*

Tapi Siti Mariah,
 pada suatu masa
 termenung-menung tidak ramah
 tampak sangat susah.
 Tidak seperti biasa, setiap hari
 ngungun
 makan kurang berselera
 pada malam hari suka berjaga,
 suatu waktu
 lalu berhaturlah kepada ibunya.

Dengan ibu berdua saja.
 "Ibu, aku bermimpi,
 bermimpi melihat cahaya.
 Cahaya turun dari langit
 menukik tepat kepadaku
 serta ramai yang menyebut
 katanya, "Cahaya Muhammad."
 setelah itu aku pergi
 bersama cahaya menuju negara
 Mekah.

Ketika datang ke Madinah
 Nabi Muhammad ditemukan.
 Cahayanya sangat cemerlang,
 muda dan tampan tanpa tandingan.

28. Begitulah permulaan// mimpiku.
 pertanda apakah, Ibu."
 Ibunya segera menimpali,
 "Aduh, Nyai harus dicamkan
 jangan disampaikan kepada
 Bapak.

Impian sangat tidak baik
 tidak pantas untuk Nyai
 menyebut-nyebut Muhammad
 Nyai, Muhammad itu
 semua orang tahu

*Ngan Siti Mariah,
 Ari dina mangsa hiji
 jentul-jentul hanteu bear
 semu susah-susah teuing.
 Hanteu cara ti sasari unggal
 poe helak-heluk
 tara pati barang dahar
 ti peuting gawena nyaring,
 hiji mangsa
 tuluy matur ka ibuna,*

*Jeung ibu paduduaan,
 "Ibu kuring teh ngimpi,
 ngimpi ninggal cahaya.
 Cahaya turun ti langit
 nutug kana meneran kuring
 sarta rengong anu nyebut
 pokna teh, "Cahaya Muhammad."
 Geus kitu bet kuring indit
 jeung cahaya leos ka nagara
 Mekah,*

*Ari datang ka Madinah
 Nabi Muhammad kapanggih,
 Cahayana mancur pisan,
 anom kasep taya tanding.*

28. *Kitu mimitina teh// kuring.
 Naon alamatna, ibu."
 Ibuna geuwat ngandika,
 "Aduh Nyai poma teuing
 poma ulah dihaturkeun ka
 tuang rama,*

*Impian teu sae pisan
 lain pipanteseun Nyai
 make Muhammad-Muhammad,
 Ari Muhammad, Nyai
 sadayana pada terang*

orang yang suka asal bicara,
mengaku-aku ratu sejagat.
Jelas Bapak sangat muak.”
Setelah itu, Mariah lalu keluar.

Siti Mariah sangat terpukul
pada malam hari berjaga
siang hari tak mau makan
karena nyata sudah bernimpi.
Terasa telah tampak Nabi.
Setiap hari bermuram-durja.
Suatu hari dia berjalan
ke tempat yang sunyi.
Lalu memanggil seorang lelaki.

Siti Mariah memerintah
kepada orang bernama Ki Barid.
Ayo, Barid harus berjalan
ke Madinah siang-malam
menghadap kepada Kangjeng Nabi.
Begini kau berucap,
”Bahwa dari negara Sungara
putri raja Kabti
memohon untuk dinikahi Nabi.

Juga bersedia menganut agama
Seperti akhlak Kangjeng Nabi.
Tapi Barid harus mencamkan
jangan mengabarkan kepada Ibu
demikian pula kepada Bapak.
Khawatir Bapak-Ibu marah.
Ki Barid segera berangkat
29. ke Mekah// kepada Kangjeng Nabi
jangan sampai Barid berubah.

Tak tersebut di perjalanan
sudah sampai di tujuan.
Terus saja menghadap

*jalma malang-mang-mulungmung,
ngaku-ngaku ratu sejagat
Rama man giruk kaleuwih.”
Sanggeus kitu Mariah tuluy kaluar.*

*Siti Mariah geus pisan
ti peuting gawena nyaring
ti beurang teu daek dahar
dumeh geus tetela ngimpi.
Geus asa beh bae Nabi,
Unggal poe helak-heluk.
Hiji mangsa tuluy leumpang
kana tempat anu suni.
Tuluy nyaur ka eta lalaki jalma.*

*Siti Mariah miwarang
ka jalma ngaran Ki Barid.
Hayoh Barid kudu leumpang
ka Madinah beurang peuting
ngadeuheusan ka Kangjeng Nabi.
Kieu maneh nya piunjuk,
”Yen ti nagara Sungara
istri putra raja Kabti
panuhun ku Nabi hoyong ditikah.*

*Sareng dek anut agama
salampahna Kangjeng Nabi
Tapi Barid poma-poma
ka Ibu ulah pupulih
ka Ama kitu deui
Bisi Ama—Ibu bendu.
Ki Barid ngageuwat iang
29. Ka Mekah// ka Kangjeng Nabi
poma Barid ulah rek robah.*

*Hanteu kocap di jalan
kocapkeun bae geus tepi.
Tuluy bae ngadeuheusan*

Ki Barid kepada Kangjeng Nabi.
Lalu Kangjeng Nabi menyambut
tamu tersebut
Engkau berasal dari mana.
Ki Barid kembali berhatu-
"Hamba utusan dari Sungaro.

Maksud hamba menghadap
diutus oleh seorang perempuan
bernama Siti Mariah.
putri raja Kabti
Menduga-duga Kangjeng Nabi
ada perhatian kepada Si Ayu
hendak memohon dinikahi."
Kangjeng Nabi kembali menjawab.
"Ki tamu, aku tidak sanggup.

Karena bukan bangsaku
itu bangsa kafir."
Ki Barid lalu berhatu,
"Memang bangsa kafir
tapi hendak berpasrah diri.
Hendak menganut agama Rosul
sangat ingin masuk islam.
Nyi putri hendak menghi-
Kangjeng Rosul lalu mengumpul-
kan sahabat.

Sahabat *Muhajir-Ansor*
lalu mengingatkan Nabi
"Ada yang demikian sikapnya."
Sahabat Ansor—Muhajirin men-
jawab kepada Nabi
kalau sikapnya begitu,

30. keinginannya betul-betul//
supaya dipertimbangkan oleh
Gusti.

*Ki Barid ka kangjeng Nabi,
Tuluy nyaur Kangjeng Nabi
ka eta hiji tatamu.
Sampean nu ti mana.
Ki Barid haturan deui,
"Jisim kuring piwarangan ti
Sungaro.*

*pura kuring ngadeuheusan
diutus ku hiji istri
jenengan Siti Mariah,
putri putra raja Kabti,
Madak-madak Kangjeng Nabi
aya manah ka Si Ayu
seja nyuhunkeun ditikah."
Kangjeng Nabi walon deui,
"Ki tatamu, kaula henteu kaduga.*

*Da lain bangsa kaula
da eta mah bangsa kapir."
Ki Barid lajeng haturan,
"Sumuhun yen bangsa kapir
tapi dek pasrah diri.
Dek anut agama Rosul
seja pisan manjing Islam.
Nyi putri seja ngiring.
Kangjeng Rosul lajeng ngumpul-
keun sahabat.*

*Sahabat Muhajir-Ansor
lajeng ngarempageun Nabi
"Aya nu kitu petana."
Sahabat Ansor Muhajirin pada
ngawalon ka Nabi
lamun petana kitu,*

30. *hayangna kabina-bina//
kedah dimanah ku
Gusti.*

Diusahakan dinikahi karena sudah pasrah.

Bagaimana saja keputusannya supaya berhasil.
Kangjeng Nabi menjawab,
"Bagaimana kesepakatan mukmin."
Sahabat kembali menjawab,
"Kalau-kalau sudah sepakat harus menyuruh melamar sahabat kepada raja Kabti."
Kangjeng Rosul mengumpulkan sahabat.

Kemudian menyuruh melamar. Sahabat Anzor—Muhajir semua menunggang kuda. Berjumlah dua puluh empat mukmin.
Sahabat sudah berangkat hendak melamar anak ratu. perjalanan memakan waktu sebulan bahkan lebih tujuh malam. Bersama Ki Barid sahabat sudah berdatangan.

Lalu menghadap saat itu juga. Sahabat ke pancaniti. Siti Mariah hadir, mengetahui bahwa itu sahabat Nabi,
Siti Mariah berdiam diri karena ingin mendengar perkataan Ki Sahabat. Tersebut raja Kabti, raja Kabti keluar dari keraton.

Dikersakeun ditikah sabab geus pasrah.

Kumaha bae timbalan pisangkaneunana jadi, Kangjeng Nabi ngawalon, "Kumaha ragemna mu'min" Sahabat ngawalon deui, "Madak-madak lamun sapuk kudu miwarang ngalamar sahabat ka raja Kabti." Kangjeng Rosul ngempelkeun sahabat.

Lajeng miwarang ngalamar. Sahabat Anzor—Muhajir kabeh pada tumpak kuda. Jumlah opat likur mu'min.

Sahabat geus pada indit dek ngalamar putra ratu. Di jalan meunang sabulan

malah punjul tujuh peuting. Jeung Ki Barid sahabat geus pada datang.

Tuluy ngadeuheus harita. Sahabat ka pancaniti. Siti Mariah kasampak, uninga yen balad Nabi

Siti Mariah pek cicing kusabab hoyong ngadangu pinaturan Ki Sahabat. Kocap bae raja Kabti, raja Kabti bijil tina padaleman.

Mijil

Raja Kabti menanyai mukmin,
Siti Mariah menyaksikan.
"Dari mana Saudara berasal.
Ada maksud apa datang kepadaku."
Mukmin menjawab,
"Terima kasih, Ratu.

31. Diri hamba utusan Nabi
dari Mekah rumah kami.//
Maksud menghadap
diutus oleh Kangjeng Nabi,
penuh harapan untuk diterima
di hadapan Ratu.

Karena Gusti mempunyai putri
Nyi Mariah muda
barangkali Gusti lumayan saja.
penghaturan Kangjeng Nabi.
Barangkali Gusti bersedia.

Kalau diizinkan tentu dinikahi
dan kalau putri setuju.
Demikian sabda Kangjeng Nabi.
Yang membuat diri hamba
menghadap Gusti
hamba berserah diri."

Raja Kabti menjawab kepada
mukmin
dengan membentak.
"Jadi begitu maksud kalian
aku sama sekali tak mengira.
Kamu berani-berani
meminta anak ratu.

Mijil

Raja Kabti mariksa mu'min,
Siti Mariah jongkok,
"Urang mana sampean teh.
Dek naon datang ka kami."
Ngawalon mu'min,
"Nuhun dawuh, Ratu.

31. Jisim abdi utusan Nabi
ti Mekah pakuwan.//
Anu mawi ngadeuheusan teh
dipiwarang ku Kangjeng Nabi,
madak-madak ditampi,
ka payuneun Ratu.

Dumeh Gusti kagungan putri
Nyi Mariah anom
sugan Gusti lumayan bae.
pinaturan Kangjeng Nabi.
Eta Gusti sugan aya purun.

Lamun idin tangtu dikawin
sareng jenis condong.
Kitu dawuhan Kangjeng Nabi teh.
Anu matak jisim abdi
dumeuheus ka Gusti
abdi kaulanun."

Raja Kabti ngajawab ka
mu'min
barina jeung nyengor.
"Kutan kitu karep maneh teh
aing henteu nyana teuing.
Maneh wani-wani
menta anak ratu.

Muhammad itu orang yang
kubenci

yang suka berlagak
mengaku-ngaku pembesar
aku sama sekali tidak sudi.

Anak cuma satu diberikan ke
musuh.

Berani-berani ke istanaku
datang tanpa diundang

.....
diriku tidak kekurangan uang.

Uang, emas, dan wanita.
Serta negaraku besar
tak ada kesusahan sedikit pun
aku tak menginginkan apa-apa
kekayaan bergunung-gunung.

Ketika raja Kabti memarahi
mukmin,
Siti Mariah muncul.

32. Siti Mariah segera saja//
menuju ke tempat sunyi
memanggil Ki Barid.
Ki Barid masuk.

"Barid, kau kembali ke Mekah
tapi jangan banyak omong.
Sampaikan saja perkataanku
kepada Kangjeng Nabi Muhammad.
Aku berpasrah diri
untuk memeluk Islam.

Mukmin berpamit dari raja Kabti
bertemu dengan Ki Barid.
Setelah semua sahabat bubar.
Setelah sampai kepada Nabi
lalu raja Kabti
menyuruh serdadu.

Muhammad teh kagiruk aing

*nu sok olo-olo
ngaku-ngaku gegeden
hanteu sudi teuing aing mah.*

*Anak ngan sahiji dibikeun ka
musuh.*

*Wani-wani ka gedong aing
tarajag-toroyog teuing*

.....
awak aing hanteu kurang duit.

*Uang emas awewe
Sarta aing nagara gede
taya kasusah saeutik
ngaran naon aing
benda gunung-gunung*

*Raja Kabti keur ngambek ka
mu'min,
Siti Mariah jonghok.*

32. *Siti Mariah nageuwat bae//
indit kana tempat suni
nyaur ka Ki Barid.
Ki Barid asup.*

*"Barid, maneh ka Mekah deui
tapi ulah cek-cok.
Omong kami haturkeun bae
ka Kangjeng Muhammad.
Kami pasrah diri
manjing Islam anut.*

*Mu'min amit ti raja Kabti
jeung Ki Barid amprok.
Sangeus budal sahabat kabeh.
Geus tepi ka Nabi
lajeng raja Kabti
miwarang serdadu.*

Raja Kabti menempatkan prajurit semua harus berpatroli di jalan menuju Mekah semuanya. kalau ada sahabat Nabi, apalagi diri Nabi, harus dibunuh.

Raja Kabti neundeun perjurit kabeh kudu matrol dina jalan ka Mekah kabeh, lamun aya balad Nabi, puguh jinis Nabi, kudu bae bunuh.

Tersebut mukmin Ansor—Muhajir sudah tiba di Mekah. Usai melamar dari raja besar, kemudian menghadap Nabi. Memberitakan semua perkataan ratu.

Kocap mu'min Ansor—Muhajir ka Mekah enggeus jol Pulang ngalamar ti raja gede, tuluy ngadeuheus ka Nabi. Nguninga sakali satimbangan ratu.

Kangjeng Nabi memaklumi, "Biarlah jangan banyak omong orang Mekah takut mendengarkan. Semua mungkin tertawa. Menertawakan aku melamar tak berterima."

Kangjeng Nabi ngaulan deui, "Kajeun montong cek-cok urang Mekah bisi ngadenge, Kabeh meureun pada seuri, Nyeungseurikeun kami ngalamar teu asup."

Masuk Barid kembali berujar dengan rendah hati, "Gusti, putra raja tentu akan sangat nelangsa ingin diri jangan berpisah dengan Rosul."

Abus Barid ngawalon deui handap adab asor, "Gusti putra raja teh bakalna nalangsa teuing hayang ulah pisah diri reujeung Rosul."

Kangjeng Nabi kembali menanggapi,

Kangjeng Nabi endikan deui,

33. berkata kepada Ki Barid//
"Sudahlah, aku tidak berharap lagi.
Karena raja tidak sudi."
Nabi lalu masuk ke rumahnya.

33. *ka Ki Barid walon//
"Kula enggeus moal bae.
Sabab raja henteu idin."
Nabi lajeng ka bumina asup.*

Siti 'Aisah istri Kangjeng Nabi

lalu berhatu kepada Kangjeng
Nabi,
"Sudah jelas engkau
kekasih Robbul 'alamin.
Kalau tidak mengawini, alangkah
malunya.

Orang Mekah betapa sangat suka,
mungkin mengumpat.
Nabi Rosul telah berkecil hati.
Karena sedikit uang
menjadi aib diri
terlena dalam ketakutan."

Kangjeng Nabi menjawab lagi,
"Dicemoohkan juga tak apa-apa.
Asal jangan di akhirat,
karena Gusti Robbul Gofur
tidak menyuruh berperang.
Karena jika aku berangkat

perang untuk melamar.
Kelak di akhirat
dicemoohkan malaikat.
Nabi Muhammad berperang
karena melamar tak diterima.
Bukan cara seruan Islam.

Kalau Gusti Allah mengizinkan
tentu aku akan pergi.
Berperang untuk melamar
ke negara Sungaro."
Setelah penegasan demikian,
sahabat Muhajir—Ansor

*Siti 'Aisah geureuhnana Kangjeng
Nabi*

*tuluy matur bae ka Kangjeng
Nabi,
"Bet sampean teh
kakasih Robbul 'alamin,
Lamun henteu ngawin, isin
liwat langkung.*

*Urang Mekah suka tada teuing,
meureun pada ngomong,
Nabi Rosul geus leutik hate,
Wantu leuting duit
jadi cacad diri
kasemaran kaku."*

*Kangjeng Nabi walon deui,
"Dipoyok ge suka hina,
Ngan ulah di aherat,
sabab Gusti Robbul Gofur
hanteu miwarang peperang.
Sabab kami lamun indit*

*perang jalan ngalamar.
Jangan di aherat teh
dipoyok ku malaikat,
Nabi Muhammad peperang
jalan ngalamar teu asup.
Lain jalan nitah Islam,*

*Lamun Gusti Allah idin
kami meureun indit bae,
Perang jalan ngalamar
ka nagara Sungaro."
Sanggeusna ngalahari kitu,
Sahabat Muhajir—Ansor*

meninggalkan Mekah
semua bubar menuju Madinah.
Tiga hari dalam perjalanan.

34. Kegiatannya hanya berkumpul//
dengan Ki Arob
Setelah semua berkumpul,
Ki Arob berdiri di tengah.

Maka berkata kepada baginda 'Ali,
"Wahai, Said Ali Murtada.
Sekarang Gusti Rosul
Gusti kita semua
wajib kita layani."
Sayidina 'Ali berhatu.
"Bagaimana sikapnya."

Ki Harob menjawab lagi,
"Ketika Gusti Rosulullah
melamar ke raja besar
dihina habis-habisan
oleh bupati Sungara.
Sekarang kalau setuju
kita bersama mengambilnya.

Kita serahkan kepada Nabi
kita satu pikiran.
Ayo kita serbu saja.
Dapatkan Siti Mariah
ke negara Sungara.
Semua sudah bersetuju
semua bersumpah

setiap seorang lelaki.
Bersumpah menjatuhkan talak
dari semua istri-istrinya
supaya teguh untuk berperang.
Juga bersumpah dari putranya
manusia beribu-ribu
semua bersumpah.

ti Mekah pada arindit
budal kabeh ka Madinah
Di jalan tilu poe.

34. Gawena ngan kukumpulan//
nyaeta ngan Ki Arob
Sanggeus kabeh pada kumpul,
Ki Arob nangtung di tengah

Seug matur bagenda 'Ali,
"Aeh, Said Ali Murtada.
Ayeuna Gusti Rosul teh
Gusti urang sarerea
wajibna dikaulaan."
Saidina 'Ali matur.
"Naha kumaha petana."

Ki Harob ngawalon deui,
"Kapan Gusti Rosulullah
ngalamar ka raja gede
beak nya dihina-hina
ku bupati Sungara.
Ayeuna manawi rempug
urang beunangkeun ku urang.

Urang sanggakeun ka Nabi
urang teh sabudi akal.
Hayu urang rugrug bae.
Beunangkeun Siti Mariah
ka nagara Sungara.
Sekabeh geus pada rempug
kabeh pada susumpah

sabab sahiji lalaki.
pada sumpah ragrag talak
ti bojo-bojona kabeh
supaya lalempeng perang.
Reujeung sumpah tina putrana
manusa mengrebu-rebu
kabeh pada susumpahan.

Sementara kepala mukmin
yang gagah perkasa
berjumlah dua puluh lima.
Serta yang halus rupanya
serta tebal ibadahnya.
Semua mukmin yang pemuda
semuanya saling bersumpah.

- Satu Arob, dua Khalid,
35. tiga Samad, // empat Samid,
lima Malik, enam Juber,
tujuh Sa'ad putra Wakod,
delapan Raden Abdullah,
sembilan Raden Sama'un,
sepuluh 'Ali Murtado.

Mukmin yang sekian itu
semua saling bersumpah
maka Gusti Allah berfirman
mengutus malaikat.
"Sekarang mesti bersiap
Jabrail membawa wahyu
kepada Muhammad Rosulullah."

Malaikat Jabrail
berhatur kepada Nabi Muhammad,
"Oh, Tuan Nabi, Saudara.
Tuhan sudah mengizinkan
engkau segera berangkat
sebab sahabat sudah berkumpul
semua bersumpah."

Malaikat Jabrail
setelah menyampaikan warta.
Kangjeng Nabi pun berangkat
mengajak Siti 'Aisah.
"perkataan engkau terakbul,
akan masuk ke surga.

*Ari kapalana mumin
sakur nu gagah perkosa
jumlahna aya salawe,
Sarta nu lemes rupana
sarta kandel ibadahnya,
Sakur mumin anu pemuda
kabeh pada silih sumpah.*

- Hiji Arob dua Khalid
35. tilu Samad // opat Samid
lima Malik genep Juber
tujuh Sa'ad putra Wakod
dalapan raden Abdullah
salapan raden Sama'un
sapuluh 'Ali Murtado.*

*Eta nu sakitu mumin
kabeh pada silih sumpah
Gusti Allah ngadawuh bae
miwarangan malaikat.
"Ayeuna masing sadia
Jabrail mawa wahyu
ka Muhammad Rosulullah."*

*Malaikat Jabrail
matur ka Nabi Muhammad,
"Aeh Tuan Nabi Saderek.
pangeran geus ngidinan
sampean geura angkat
sabab sahabat geus kumpul
kabeh pada susumpahan."*

*Malaikat Jabrail
sanggeus maparin warta,
Kangjeng Nabi angkat bae.
ngajak ka Siti 'Aisah.
"pihatur maneh teh asup,
bakal manjing sawarga.*

Tuhan akan mengaruniakan kepada Nyi Siti 'Aisah *Maliki* yang paling bagus tak ada seorang pun yang seperti Siti 'Aisah." Kangjeng Nabi pun berangkat di jalan tak perlu diceritakan 'Aisah mengiringi.

Pangkur

Kangjeng Nabi lalu berangkat mendatangi sahabat mukmin. Sahabat serempak berdiri menyaksikan Rosulullah.

36. Sahabat serempak berhatu kepada Kangjeng Rosul, // "Gusti, hendak pergi kemana? Silakan pulang ke rumah."

Gusti Rosul menjawab, "Aku sekarang tak akan pulang sebab diperintah yang Agung sekarang harus berkumpul dengan sahabat ke Sungaro akan menyerbu."

Kangjeng Nabi memanggil Bilal. Mengumpulkan segenap mukmin.

"Sahabat semua harus berkumpul sekarang siapkan di depanku." Tak berapa lama berbondong-bondong senegara Madinah juga wanita, orang tua, anak, ikut berkumpul terdengar serempak bersumpah dari Qur'an yang azim.

bersumpah jatuh talak. Kalau tidak berperang dengan raja Kabti.

pangeran bakal maparin ka Nyi Siti 'Aisah Maliki nu pangalusna moal aya jalma hiji anu cara Siti 'Aisah." Kangjeng Nabi angkat bae di jalan teu kacatur 'Aisah pungkureunana.

Pangkur

Kangjeng Nabi lajeng angkat nyampeurkeun sahabat mu'min. Sahabat pada narangtung ningali rosulullah.

36. *pada matur sahabat ka Kangjeng Rosul, // "Gusti dek angkat ka mana? Geura marulih ka bumi."*

Gusti Rosul ngawalonan, "Kami ateuna moal balik sabab timbalan yang Agung ayeuna kudu budal jeung sahabat ka Sungaro dek ngalurug."

Kangjeng Nabi nyaur Bilal Ngumpulkeun antero mumin.

"Balad kabeh kudu budal ayeuna jogokeun hareupeun kami." Teu kungsi lila burudul sanagara Madinah jeung awewe kolot budak pada kumpul ku ngadenge pada sumpah tina Qur'an anu azim.

pada sumpah ragrag tolak. Lamun hanteu perang reujeung raja Kabti.

perempuan berbondong
bersama-sama naik unta.
Suaminya bertanya kepada Kang-
jeng Rosul.

"Mengapa perempuan bubar?"
Kangjeng Nabi menjawab lagi,

"Bukankah kalian bersumpah
dari Qur'an dan jatuh talak satu."

Semua sudah berkumpul.
Kangjeng Nabi bersabda,
"pasanglah bendera dan memukul
tambur
berbondonglah ke Sungaro
menyerbu raja Kabti."

Dari Madinah ke Sungaro
perjalanan sebulan dan tujuh
malam.
pertanyaan Kangjeng Rosul,
"Siapa orang yang tahu jalannya."
Ada seorang yang berdiri,
"Hamba sudah tahu benar

37. ke negara raja Kabti."//

Bernama Ki Khalid dari Mekah.
Yang dua belas ribu di belakang
menuruni gunung dan menaiki
gunung.

Tidak diceritakan di perjalanan,
tersebut dari negara Mekah sudah
jauh.

perjalanan mukmin
telah sebulan tujuh malam.

*Awewe pada murudul
pada tarumpak onta,
Salakina pada naros ka Kangjeng
Rosul.*

*"Naha bet awewe budal?"
Kangjeng Nabi walon deui,*

*"Kapan maneh pada sumpah
tina Qur'an jeung ragrag tolah
sahiji."*

*Sakabeh geus pada kumpul,
Kangjeng Nabi ngandika,
"Masang-masang bandera jeung
nabeuh tambur
budal kabeh ka Sungaro
ngarurug raja Kabti."*

*Ti Madinah ka Sungaro
lalampahan sabulan jeung tujuh
peuting,
pangandika Kangjeng Rosul,
"Saha jalma anu terang di jalana."
Aya hiji jalma nantung,
"Kuring enggeus terang pisan*

37. ka nagara raja Kabti."//

*Ngaran Ki Khalid ti Mekah,
Nu salaksa dua rebu ti pandeuri
turun gunung unggah gunung.*

*Henteu kocap di jalan,
kocap bae ti nagara Mekah geus
jauh.*

*Mumin lalampahanana
geus sabulan tujuh peuting.*

Selama perjalanan
tak ada teduh tak ada pohon.

Di tanah tak ada rumput
Kangjeng Nabi bertanya
kepada Ki Dalil.

"Ki Dalil, bagaimana ini
bekal kita sudah habis
kasihan anak-anak kecil."

Ki Dalil lalu berhatur
dulu di depan kita
hamba menemukan
selokan bergemuruh
tapi entahlah sekarang
entah surut entah masih berair.
Lalu semua pergi
menuju selokan air

Ketika datang air surut
hanya batu dan pasir berserakan.
Hanya burung masih bergemuruh
di pinggir selokan.
Ada pohon berbuah lebat ber-
tumpuk.
Lalu berkerumun di sana,
berkemah.

Tidak terus ke Sungaro.
"Kita beri kabar raja Kabti.
Dari sana harus menyerang."
Kangjeng Nabi berbenah
di tempat itu dengan sahabat
beribu-ribu.

Sudah dekat ke Sungaro
38. perjalanan tiga malam lagi.//

Menunggu raja Sungaro
di hutan yang tak pernah dilalui
manusia.

*Waktuna sajalan-jalan
taya iuhan taya kai,
Dina taneuh taya jukut
Kangjeng Nabi mariksa
ka Ki Dalil,
Ki Dalil kumaha atuh
bekel urang enggeus beak
watir ka barudak leutik."*

*Ki Dalil tuluy haturan
baheula mah dipayuneun
mendakan kuring
wahangan cai ngaguruh
tapi duka ayeuna mah
duka saat duka aya keneh banyu.
Tuluy kabeh pada iang
ngajugjug wahangan cai*

*Barang datang cai saat
ngan batu taregtog jeung keusik.
Ngan masih manuk ngaguruh
dina pinggir wahangan.
Aya kai buahna leubeut
ngadunduk.
Tuluy ngarurug di dinya,
masanggrahan bubumi.*

*Hanteu tuluy ka Sungaro.
"Urang bejaan bae ka raja Kabti,
Ti ditu kudu ngarurug."
Kangjeng Nabi bebenah
lebah dinya jeung balad
mangrebu-rebu.*

*Enggeus deukeut ka Sungaro
38. lampah tilu peuting deui.//*

*Ngadagoan raja Sungaro
dina leuweung tara kasorang
ku jalma.*

Di hutan yang terpencil
dihuni *rangkong* dan *julang*,
gorek-gorek. Burung bergemuruh
Sementara bekal semuanya habis
semua sangat kesusahan.

Ingin minum ingin makan
semua haus tak menemukan air.
Selokan menampakkan batu
Tak ada air barang setetes.
Di selokan air batu-baru kering.
Nabi mohon kepada Tuhan
lalu mengambil sebuah batu,

Kangjeng Nabi membaca do'a,
"Allahumma a-d-r-d min hadihi
fi a-l . . . r
ma'a mulaina lamatu
inna wala mamu 'asah
biqudratika 'ala kulli syai'in
qodir."

Setelah Nabi berdo'a
dari batu keluar air.

Mukmin berduyun ke selokan
yang minum dan yang mandi,
semua.

Untanya juga ikut minum.
Juga ramai memetik buah
setelah memakan buah
buahnya tidak enak rasanya
dimakan sangat pahit.

Kangjeng Nabi membaca do'a
memohon kepada Allah agar buah
tidak pahit.
"Allahumma aj'alhadiyat
alpahukiratun

*Dina leuweung luwang-liwung
eusina rangkong jeung julang,
gorek-gorek Manuk disada ngaguruh
Ari bekel kabeh beak
pada susah liwat saking.*

*Hayang nginum hayang dahar
kabeh halabhab teu manggih cai.
Wahangan tare(mbo)ng batu
taya cai sakaracak.
Di wahangan cai batuna taluhur.
Nabi neda ka Pangeran
tuluy nyandak batu hiji,*

*Kangjeng Nabi ngaos du'a,
"Allahumma a-d-r-d min hadihi
fi a-l . . . r
ma'a mulaina lamatu
inna wala mamu 'asah
bikudrotika 'ala kulli syai'in
kodir."*

*Sanggeus Nabi ngaos du'a
tina batu bijil cai.*

*Mu'min riab ka wahangan
anu nginum sadayana anu mandi.*

*Ontana pada ngarinum,
jeung riab ngala buah
sanggeus dahar buah
buahna teu ngeunah rasana
didahar kaliwat pait.*

*Kangjeng Nabi maca du'a
neda-neda ka Allah buah
ulah pait.
"Allahumma aj'alhadiyat
alpahukiratun*

hilawatan toyibatan. "Do'a usai
Abu Bakar memakan buah.
Lebih wangi dari kesturi,

Manis lebih dari madu.
Abu Bakar berteriak

39. memanggil, "Makan buah teman-teman."

Semua ramai memakan buah
dan membaca *alhamdulillah*,
Mukmin usai memetik buah

memboyong dan menenteng.
Semua mukmin tenang
diberikan kepada anaknya.
para istri kenyang benar
membaca *alhamdulillah*
lebih segar daripada tadi.

Semua mukmin mengucap,
"Berilah, Gusti Allah, berkat Nabi
manis lebih dari madu
halus lebih dari busa.
Ramai memuji membaca lafaz
alhamdu
yang membaca *subhanallah*
tua-muda semua memuji.

Sinom

Setelah usai makan-makan
semua mukmin berdiam lagi
di tempat masing-masing.
Nabi menanyai Dalil.
"Bagaimana ini Ki Dalil
dari sini ke sana perjalanan kita.
Berapa
sampainya ke raja Kabti."
Dalil menjawab, "Dari sini jarak-nya,

hilawatan toyibatan. "Du'a tutup
Abu Bakar ngadahar buah.
Seungit tibatan kasturi,

Amis alahbatan madu.
Abu Bakar sosowak

39. *cecelukan,* "Dahar buah batur-batur."

*Riab kabeh dahar buah
jeung maca alhamdulillah,
Mumin tutu (p)g ngala buah*

*nu ngagembol anu ngais.
Mumin kabeh pada anteng
dibikeun ka anakna,
pamajikan pada seubeuh megah-meguh
maraca alhamdulillah
seger alah batan tadi.*

*Mumin kabeh pada ngucap,
"Pasihan Gusti Allah berekah Nabi
amis (alah) batan madu
lemes (alah) batan budah,
Pada muji maraca lapad alhamdu*

*nu ngawaca subhanallah
tuha anom kabeh muji.*

Sinom

*Sanggeus tutup barangdahar
mumin kabeh cicing deui
dina saenggon-enggonna,
Nabi mariksa Dalil.
"Kumaha ieu Ki Dalil
ti dieu urang ka ditu lalampahan.
Sabaraha
nepina ka raja Kabti."
Dalil walon, "Ieu ti dieu
anggangna,*

tiga hari di perjalanan.”

Nabi menegaskan lagi kepada para sahabat.

”Begini semua mukmin.

Kita sudah berdiam di sini di gunung.

Sudah bertempat semua.

Dan siapa yang mau pergi.

40. yang memberi kabar ke raja

Kabti (قبتي) Sungar//

Mukmin semua serempak menjawab,

”Siapa saja bersedia, Gusti.

Semua ingin berbakti.

Dengan maksud pribadi.”

Lalu berhatur seorang mukmin, mukmin bernama Ki Samaun,

”Hamba juga bersedia mangabarkan ke raja Kabti.”

Nabi menjawab, ”Samaun nanti dulu.”

Setelah Nabi bersabda datang wahyu dari Widi ke hadapan Rosulullah. Malaikat Jabrail, lalu malaikat Jabrail berhatur, ”Wahai, Nabi Muhammad Rosul tak akan ada yang mampu mangabarkan ke raja Kabti. Hanya Sama’un yang akan mampu.

berkabar ke raja Kabti Kecuali Samaun yang akan mampu.”

tilu poe di jalan.”

Nabi ngandika deui

ka eta para sahabat.

”Teu sadayana mumin.

Urang da geus pada cicing

ieu di dieu di gunung.

Geus pada baroga tempat.

jeung saha anu rek indit.

40. *Nu bebeja ka raja*

Kabti (قبتي) Sungar//

Mumin kabeh pada jawab;

”Saha bae kersa Gusti

Kabeh ge seja ngaula

Sareng maksud pribadi.”

Tuluy matur hiji mumin,

mumin ngaran Ki Samaun,

”Kuring ge sumangga pisan

bebeja ka raja Kabti.”

Nabi walon, ”Samaun mangke heulaan.”

Sanggeus Nabi nimbalan sumping wahyuning yang Widi ka payuneun Rosulullah, Malaikat Jabrail, tuluy matur Jabrail, ”Hai Nabi Muhammad Rosul moal aya anu kuat bebeja ka Kabti, Ngan kajaba Sama’un nu bakal kuat.

bebeja ka raja Kabti,

Ngan kajaba Samaun nu bakal kuat.”

Ujar malaikat itu.
 Nabi lalu memerintah lagi.
 "Ah, Sama'un, sekarang ini
 engkau sudah mendapat izin."
 Maka Samaun pun pergi.
 pengiring kepala tiga.
Ingdalem kepala satu,
 ditemani seribu mukmin.
 Berpamit dulu ke Ibu, Siti Huna.

Setelah Nabi berpesan,
 Ki Samaun lalu pergi.
 Kepala ibunya, Siti Huna
 karena diutus Nabi.
 Ibunya menjawab pula,

41. "Oh, anak Ibu, Samaun. Ini//
 perbuatan yang sangat berat.
 Akan sangat terburu-buru.
 tergesa-gesa seperti harimau
 memburu domba."

Samaun lalu menjawab,
 "Justru aku anak macan,
 aku macan anak macan."
 Ibunya menjawab lagi,
 "Ah, Samaun, camkanlah
 sekarang wasiat Ibu
 harus diingat terus.
 Kalau kau merasa kulahirkan
 Wasiat Ibu harus selalu diingat.

Satu perkara wasiat,
 di jalan kalau bertemu
 dengan serdadu Mekah itu,
 sebelum temanmu pergi.
 Biar orang lain belakangan
 karena derajat agung,
 akan masuk ke surga.

*Saur eta malaikat,
 Nabi lajeng miwarang deui.
 "Aeh Sama'un ayeuna mah
 maneh anggeus meunang idin."
 pek Samaun indit.
 pangiring kapala tilu.
 Ingdalem hiji kapala,
 batur sarebu mumin,
 Amit heula kang indung ka
 Siti Huna.*

*Sanggeus ing Nabi nimbalan,
 Ki Samaun tuluy indit.
 Ka ibuna ka Siti Huna
 dumeh diutus ku Nabi.
 Ibuna ngawalon deui,*

41. "Aeh anak Ibu Samaun. Ieu//
 banget pisan lampah.
 Bakal rusuh liwat saking
 rusuhna teh kawas maung
 muru domba."

*Samaun lajeng ngawalon,
 "Kapan anak maung kuring,
 kuring macan anak macan."
 Ibuna ngawalon deui,
 "Aeh Samaun poma teuing
 ayeuna wasiat Ibu
 kudu diingetkeun pisan.
 Mun maneh rumasa bijil
 Wasiat Ibu kudu diingetkeun pisan.*

*Hiji perkara wasiat,
 di jalan lamun papanggih
 jeung eta serdadu Mekah,
 memeh batur maneh indit.
 Kajeun batur pandeuri
 karana darajat agung,
 bakal manjing sawarga.*

Wasiat yang kedua,
kalau kau mau masuk surga:

setiap orang rusak
diamuk oleh bangsa kafir
segera kau tolong.
Itu juga derajat.
Harap berhati-hati
akan wasiat itu.
Sebab engkau dikuatkan
oleh yang membuat bumi-langit.
Ketiga, wasiat sangat utama

sahabat-sahabat itu
bakal susah diri

42. karena terkena surut.

Karena itu//
kalau kau menemukan air
lekas-lekas beri air.
Biarlah kau tidak minum
karena kuatnya
kepadamu tak akan sampai.”
Lalu jawab Ki Samaun kepada Ibunya,

”Ibu, aku telah mengaku
dari Ibu dan Bapak aku lahir.
Demikian pula wasiat itu
dipelihara siang dan malam.”
Ki Samaun lalu berpamit
kembali menghadap Rosul.
Samaun seperti melihat macan
meminta pamit kepada Gusti.
Sabda Nabi, ”Selalu yakin kepada
Allah,

perjalanan dilindungi Allah.”
Samaun terus berangkat
dengan pasukannya berduyun.
Tiga ribu tiga orang.

*Wasiat anu kadua deui,
lamun maneh hayang manjing
sawarga:*

*tiap-tiap jalma ruksak
diamuk ku bangsa kapir
pek ku maneh ditulungan.
Eta teh darajat deui
poma-poma sing gumati
kana eta wasiat.
Sabab maneh anu kuat
kunu nyieun bumi-langit.
Katilu, wasiat poma kacida*

*eta sahabat-sahabat
alamat sarusah diri*

42. tina kasaatan.

*Sabab//
lamun maneh manggih cai
geuwat-geuwat bere cai.
Kajeun maneh ulah nginum
kusabab dina kuwatna
ka maneh teh hamo tepi.”
Lajeng walon Ki Samun ka Ibuna,*

*”Ibu kuring geus tarima
ti indung ti bapa bijil.
Sarengna eta wasiat
diriksa beurang jeung peuting.”
Ki Samaun lajeng amit
ngadeuheusan deui ka Rosul.
Samun lir ningali macan
nyuhunkeun amit ka Gusti.
Dawuh Nabi, ”Masing kumandel
ka Allah,*

*lampah pangriksaning Allah.”
Samaun geus tuluy indit
sareng baladna budal.
Tilu rebu tilu siki*

Dalam perjalanan dua malam
menerabas hutan lebat terpercil,
dihuni *rangkong* dan *julang*.
Cericit burung goreng-gorek.
Setelah perjalanan dua malam
memasang tenda.

Bengawan airnya bening
semua mencuci kain
semua mukmin berwudu
semua shalat Zuhur.
Sama-sama usai shalat; mukmin
serta punya tempat baik.
Setelah semuanya di sana,
mukmin-mukmin berpikir
serta berzikir memuji Tuhan.

- Ada seorang mukmin bertanya
43. kepada sahabat// bernama Walid
"Dari tempat kita ini
ke negara raja Kabti
perjalanannya berapa lama?"
Ki Walid segera menyahut,
"Dari sini dari tempat kita
tinggal sehari-semalam."
Ki Samaun berkata kepada semua-
nya.

"Bagaimana kita semua
telah demikian kita berpikir
berkemah sudah nyaman
siang dan malam beristirahat.
Coba sekarang mukmin-mukmin
di sini menunggu
sementara aku akan berjalan.
Mengabarkan kepada raja Kabti."
Mukmin-mukmin menjawab
Samaun.

*Di jalan dua peuting
nyorang leuweung luwang-liwung,
eusina rangkong jeung julang.
Gorek-gorek manuk ricit.
Sanggeus lampah dua peuting
masang pasanggrahan.*

*Bagawan caina ngemprah
kabeh pada nyeuseuh samping
kabeh mumin pada aboas
sadayana salah duhri,
pada tutup salah; mumin
sarta boga tempat alus.
Geus sadayana di dinya,
mumin-mumin pada mikir
sarta dikir pada muji ka pangeran.*

- Aya hiji mumin nanya*
43. *ka sahabat//t ngaran Walid*
*"Ieu tina lebah urang
ka nagara raja Kabti
lampah sabaraha deui?"*
Ki Walid lajeng ngawangsul,
*"Ti dieu ti lebah urang
sapoe sapeuting deui."*
*Ki Samaun ngadawuhan ka
sadaya*

*"Kumaha sadaya urang
geus kitu urangna mikir
masanggrahan enggeus genah
urang mondok moek peuting.
Cing ayeuna mumin-mumin
di dieu teh tunggu
ari kaula dek leumpang.
Bebeja ka raja Kabti."
Mumin-mumin ka Samaun
ngawalonan.*

”permintaan kami semua tak baik jika tidak dikawal. Sementara Tuan berangkat punakawan tidak ikut alangkah tidak baik. Menurutku tidak lumrah.”
Ki Samaun menjawab,
”Insya Allah, mukmin-mukmin Jangan ada persangkaan demikian kepadaku,”

Sahabat serempak berhatur,
”Bawa saja yang mengikut ini lima puluh orang.”
Samaun kembali menjawab,
”Insya Allah, biar saja ayo, lima belas saja akan kubawa.”
Ki Samaun lalu berangkat membawa teman lima belas naik kuda.

- Mukmin-mukmin bersalaman dengan pasukan Samaun yang pergi
44. mencium// telapak kaki bersemangat untuk pergi.
Ki Samaun berkata lagi
”Mohon doakan kami.”

Kinanti

Ki Samaun sudah jauh dari pesanggrahan tadi kira-kira lima belas pal perjalanan setengah hari sudah dekat ke Sungaro. Kurangnya semalam lagi.

”panuhun kuring sadaya moal sae teu diiring.
Bet ari juragan angkat panakawan hanteu ngiring asa moal sae teuing.
Rasa kuring hanteu umum.”
Ki Samaun ngawalonan,
”Insya Allah mumin-mumin ulah aya manah kitu ka kaula.”

Sahabat pada haturan,
”Nyandak bae anu ngiring ieu lima puluh jalma.”
Samaun ngawalon deui,
”Insya Allah kajeun teuing lima belas bae hayu dek dibawa ka kaula.”
Ki Samaun tuluy indit mawa batur lima belas tumpak kuda.

- Mumin-mumin sasalaman ka Samaun pada indit
44. nyium ka// dampal sampean ubyag pada arindit.
Ki Samun nyaur deui
”Mangka daru’akeun atuh.”

Kinanti

Ki Samaun enggeus jauh tina pasanggrahan tadi dikira lima belas pal lalampahan satengah poe enggeus deukeut ka Sungaro. kirangna sapeuting deui.

Setelah itu menemukan kepulan keluar dari dalam pohon dipikirkan oleh Samaun karena belum mengerti. "Apa itu yang mengepul keluar dari dalam pohon."

Tersebut yang mengepul prajurit raja Kabti yang disuruh berpatroli. Khawatir ada pasukan Nabi karena putranya dilamar ialah Siti Mariah oleh Nabi

Samaun lalu mengimbau kepada teman-teman mukmin, "Sekarang kita berteduh di sini di bawah pohon. Apa yang mengepul itu. Coba dicari hingga jelas."

Temannya lalu menyahut, "Harap jangan berhampa tangan. Harus membawa teman yang bernama Ki Murtado ikut
45. sebab takut// terjadi apa-apa seandainya prajurit oleh Saudara dilawan. Membawa pengiring hanya satu."

Samaun lalu menimpali "Bagaimana kekuasaan Gusti ada pertolongan dari Allah juga ada berkat Nabi." Ki Samaun lalu berangkat membawa pengiring, Ki Murtado.

*Geus kitu manggih meledug
bijil tina jero kai
ku Samaun dipikir
wantu tacan mangarti
"Naon nu meledug teh
bijil tina jero kai."*

*Kacarita nu meledug
perjurit raja Kabti
nu miwarang matrol tea
Bisi aya balad Nabi
ku sabab dilamar putra
Siti Mariah ku Nabi*

*Samaun tuluy ngadawuh
ka batur mumin-mumin,
"Ayeuna urang ngiuh
ieu dina handapeun kai.
Naon nu meledug tea,
Heg diteang masing sidik."*

*Baturna tuluy ngawangsul,
"poma ulah ngaligicing
Kudu bae nyandak rencang
ngaran Ki Murtado sing ngiring*

45. *sabab bisi// kumaonam
saupama bae perjurit
ku sampean teh dilawan
Nyandak pangiring ngan hiji "*

*Samaun tuluy ngawangsul
"Kumaha kudrating Gusti
aya pitulunging Allah
sareng aya berkah Nabi."
Ki Samaun tuluy iang
mawa Ki Murtado pangiring*

Samaun—Murtado telah jauh
dari mukmin yang lima belas.
Jaraknya kira-kira lima pal
dari mukmin yang lima belas.
Ketika tiba di sana,

dari sela pohon bermunculan.
Ternyata prajurit
selaksa siap siaga.
Samaun berseru lagi,
"Ki Murtado, itu ada orang
muncul dari sela-sela pohon.

Coba, Murtado, kau menunggu
di sini di bawah pohon,
dan peganglah kuda ini.
Itu orang prajurit
sedang melakukan apa
mantri atau patih."

Lalu berjalanlah Ki Samaun
membawa pedang mondar-mandir
seperti berburu rusa dengan anjing.
Terlihat oleh prajurit,
prajurit lalu bertanya.
Yang selaksa menyaksikan.

Serdadu lalu bertanya,
"Oh, itu seorang laki-laki,
kau berasal dari mana."

46. Samaun// menjawab lagi
"Aku menjebak rusa."
prajurit kembali bertanya,

"Barangkali kau berjumpa
dengan pasukan Nabi?"
Samaun menjawab merendah,
"Entahlah, aku tidak bertemu."

*Samaun—Murtado geus jauh
tinu lima welas mumin.
Jauna kira-kira lima pal
tinu lima welas mumin.
Barengna tepi ka dinya,*

*tina kai tingkurumuy.
Mana horeng teh perjurit
salaksa pada sadia.
Samaun ngandika deui,
"Ki Murtado eta bet jalma
riab tina jero kai*

*Cing Murtado maneh teh tunggu
di dieu handapeun kai,
jeung cekelan ieu kuda.
Eta teh jalma perjurit
eukeur naon garawena
mantri atawa papatih."*

*Tuluy leumpang Ki Samaun
mawa pedang kancad-kincid
cara nu nganjing uncal.
Katingali ku perjurit,
perjurit tuluy nanya.
Nu salaksa naringali*

*Serdadu tuluy nyaur,
"Aeh eta lalaki hiji,
silailing teh urang mana."*

46. *Samaun// ngajawab deui
"Kuring teh ngancikan uncal."
perjurit teh nanya deui,*

*"Maneh sugan-sugan tepung
jeung balad-balad Nabi?"
Samaun ngajawab handap,
"Duka kuring hanteu manggih."*

Kafir bertanya bersikeras.
Samaun menjawab lagi.

"Kalau penyamun memang benar bertemu tapi tidak jelas. Katanya mau mendatangi negara menyerbu ke raja Kabti." Semua prajurit memeriksa, "Sekarang tunjuki aku."

Samaun menjawab tak sanggup. saja mata prajurit prajurit sangat memaksa. "Kau nanti aku nanti kau aku matikan. Tidak mau mengakuiku."

Senjatamu direbut, dasar kau orang pinggir. Aku keluar dari negara atas perintah raja Kabti. Semuanya harus berperang harus membela Bupati.

Kau bisa berada di gunung gunung pun kepunyaan Gusti. Mengapa kau tak berbakti. Kau takut padaku. Kau orang dari mana. Mesti mencegat pasukan Nabi."

Magatru

Ki Samaun lalu menjawab ke serdadu

"Jangan bicara kau, anjing, 47. Maksud kau mau menyerbu// mau menuju ke pasukan Nabi. Kau mau merebut golok.

*Kafir nanya ngaleuleukeun.
Samaun ngajawab deui*

"Karaman tea mah sumuhun manggih tapi hanteu sidik. pajar dek nempuh nagara ngarurug ka raja Kabti." perjurit kabeh mariksa, "Ayeuna tuduhkeun aing."

Samaun ngajawab teu sanggup. bea mata perjurit perjurit banget maksana. "Sia teh mangke ku aing mangke sia teh dipodaran. Teu daek ngaku aing.

pakarang sia direbut, abong sia urang sisi. Aing bijil ti nagara piwarangan raja Kabti. Kabeh oge kudu perang kudu bela ka Bupati

Sia pang aya di gunung gunung ge kagungan gusti. Naha sia teu ngaula. Sia teh steun ku aing. Sia teh bet urang mana. Misti megat balad Nabi."

Magatru

Ki Samaun tuluy jawab ka serdadu

"Montong ngomong sia anjing, 47. Karep sia dek ngerurug// dek nempuh ka balad Nabi. Sia dek ngarebut golok.

Kalau tak tahu, akulah yang
 bernama Samaun
 anak Khalid cucu Walid
 Sahabat Kangjeng Nabi Rosul.
 Di Madinah rumahku.
 Sekarang juga kau mampus.”

Ki Samaun menghunus pedang,
 mengamuk.
 prajurit mengamuk pula,
 dua-tiga yang mengeroyok
 Samaun mengamuk ke kafir.
 ”Aku tak berkendaraan.”

Satu kafir jatuh dari kuda.
 Samaun merangsek lagi
 ditebas lalu terjungkir.
 Kudanya segera ditarik
 ditunggangi lalu diterkam.

Kafir yang selaksa semua kabur
 Sama'un membaca dalil,
 ”Allahumma ansur adamu
 'alal kaumil kafirin.”
 Selaksa semua berkerumun.

Membaca pula *la haula wa
 laquwwata
 illa billahil 'aliyil 'asim.*
 Lalu membaca *alhamdulillah
 robbil 'alamin.*
 Memohon pertolongan Yang
 Maha Melihat.

Yang selaksa telah dekat, rapat
 mengepung.
 Samaun diam di tengah.
 Kafir berkata kepada Samaun.

*Mun teu nyaho nya aing
 ngaran Sama'un
 anak Khalid incu Walid.
 Balad Kangjeng Nabi Rosul
 Di Madinah imah aing.
 Ayeuna ge sia kojor.”*

*Ki Sama'un sebrét pedang
 bukbeke ngamuk
 perjurit ngamuk deui,
 dua tilu nu ngahurup
 Samaun ngamuk ka kapir.
 ”Aing mah badarat lengkah.”*

*Kapir hiji tina kuda rarag gebut.
 Sama'un ngaheuneu deui
 dikadek buk-bek jungkung.
 Kudana geuwat ditarik
 ditumpakan pek dirontok.*

*Kapir-kapir nu salaksa kabeh kabur
 Sama'un ngawaca dalil,
 ”Allahumma ansur adamu
 'alal kaumi l kapirin.”
 Salaksa kabeh ngaronom.*

*Maca deui la haula wa
 lakuata
 ila bi l lahil 'aliyi l 'adim.”
 Lafeng ngawaca alhamdulillah
 robbil 'alamin,
 Neda pitulung Yang
 Manon.*

*Nu salaksa geus caket rekep
 ngariung.
 Samaun di tengah cicing
 Kapir ngomong ka Sama'un.*

"Sadarlah anak kecil
kau sekarang juga mampus.

Kuda temanku kau rebut.
Dan membunuh temanku.

48. Kau sekarang dikepong//
[menjawab perlahan
aku tak menemukan
kafir bersikeras]
Ke mana kau keluar,
kami mengepong.

Dan bagaimana kau agar
selamat.
Tetapi aku khawatir
sebab kau anak kecil."
Samaun menjawab pula
"Kalian semua juga mampus.

Kau bicara seenaknya kepadaku.
Sama menakut-nakuti aku
aku tak gentar sedikit pun.
Demi Tuhan Yang Maha Pengasih
kalian tak akan perkasa.

Kalau tak tahu, kalian akan
hancur.
rajamu akan dibasmi
anaknya akan direbut.
Akan dinikahkan dengan Nabi.
Semua kekayaannya diambil.

Juga kalau dikehendaki Yang
Agung,
semua perempuan melajang
tak ada yang bersuami.
Sebab kalian semua mampus."

"Eling budak leutik
sia ayeuna ge kojor.

*Kuda batur aing ku sia direbut.
Jeung maehan batur aing.*

48. *Sia ayeuna dikepong//
[ngajawab handap
kuring henteu manggih
kafir teh ngaleuleukeun]
Ka mana sia nya bijil,
ku aing pada ngaronom*

*Jeung kumaha sia teh ngaran
rahayu.
Tatapi aing kuwatir
sabab sia budak lembut."
Samaun ngajawab deui
"Sia age kabeh kojor.*

*Pada karep sia ka aing wawadul.
Pada nyingsieunan aing
aing teu gimir sarubuk.
Demi pangeran kang asih
sia kabeh moal kahot.*

*Mun teu nyaho sia kabeh bakal
ajur.
Raja sia rek dibasmi
anakna bakal direbut.
Dek dikawinkeun ka Nabi
Bandana kabeh diboyong.*

*Jeung deui mun dipareng ku Yang
Agung,
awewe garintul wungkul
taya nu boga salaki,
Sabab sia kabeh kojor."*

Serdadu berunding dengan
temannya.

"Ah, mengapa harus ditanggapi
tangkap anak kecil itu
tengkoraknya cincang dan kuliti."
Serempak selaksa berkata.

Selaksa mengamuk bertumpuk-
tumpuk.

Sama'un membaca zikir,
"La illaha ilallhu
la haula wa laquata."

49. Samaun // sudah tak tampak.

Ki Samaun mengamuk ke
si kafir.

Bergedebuk terkapar mati.
Mengamuk sejak waktu Zuhur,
hingga waktu Magrib.
Tiga ribu tergeletak mati.

Mukmin yang lima belas menung-
gu

menanti di bawah pohon.
Samaun sedang sibuk bertempur,
terlihat oleh Ki Murtado.
Sama'un berperang dikeroyok.

Murtado membaca *la haula wa
laquata*

illa billahil 'aliyyil 'azim'."

Ki Murtado mendekati Sama'un,
Aduh, aku tanpa apa-apa.
Tak ada ganjaran dari Yang
Melihat,

Serdadu pada puk-pok jeung batur.

"Aeh naha ditanggap teuing
tewak eta budak lembut
tangkurakna cacag siksik."
Salaksa pada ngaromong.

*Buk-bek ngamuk salaksa pagulung-
gulung.*

*Sama'un ngawaca dikir,
"La illaha ilallahu
lahaola wala kuata."*

49. *Sama'un// geus henteu tembung.*

*Ki Sama'un ka si kapir buk-bek
ngamuk.*

*Buk-bek seg jopak marati,
Ngamuk tina waktu Duhur,
tepi kana waktu Magrib.
Buk-bek tilu rebu kojor.*

*Mumin anu lima welas tunggu-
tunggu*

*ngadago handapeun kai,
Samaun keur duk seg campuh,
ku Ki Murtado katingali.
Sama'un perang dironom.*

Murtado maca la haula quwata

ila bi l llahi l 'aliyyil 'adim'."

*Ki Murtado moro Sama'un,
Aduh aing tuna teuing.
Euweuh ganjaran Yang Manon,*

sebab aku tak ikut perang
sabil.

Ini perang kendali
sebab kuda takut kabur.
Kuda cepat bersembunyi
mendengar Ki Murtado berkata.

Kuda berkata atas kehendak Allah
Yang Agung.

"Ehm, Ki Murtado menahan diri
tak mau ganjaran bagus
tak ikut perang *sabil*."
Murtado berkata nelangsa.

Tak tahu diri dulu dilahirkan Ibu.
Kalau tahu aku akan begini.
Baru seumur hidup
ada kuda menyadarkan,
kepadaku memberi nasihat.

50. Murtado melompat, kuda
ditinggalkan saja//
menuju lima belas mukmin.
Ketika datang Murtado gugup.
Tampak jelas berkelebat,
Raden Samaun terlihat.
"Ayo kita pergi, Samaun
dikeroyok.

Lima belas mukmin teman Ki
Samaun
semua pergi dengan gugup,
berlarian menuju Samaun.
Masih jauh telah tampak.
Lalu semua berzikir membaca,

"*La haula wa laquata
illa billahil 'aliyyil 'azim.*"
Semua berlarian dengan gugup.

*sabab aing perang sabil hanteu
milu.*

*Ieu cekelan kadali
sabab kuda bisi kabur.
Kuda teh ngageuwat muni
ngadenge Ki Murtado ngomong.*

*Kuda ngomong kersa Allah
nu Agung.*

*"Em, Ki Murtado nyegah diri
embungeun ganjaran alus
hanteu milu perang sabil"
Murtado nalangsa ngomong*

*Humayua baheula bijil ti indung.
Nyana pikieueun aing
Kakara saumur hidup
manggih kuda ngeling-ngeling,
ka aing mere bongbolong.*

50. *Murtado ngejat kuda
ditinggalkeun bae//
neang lima welas mumin.
Barang datang Murtado gugup.
Itu kolebatna sidik,
raden Sama'un tembong.
"Harayu geura arindit Sama'un
perang dironom."*

*Lima welas mumin batur Ki
Sama'un
kabeh pada gugup indit,
berebet muru Sama'un.
Anggang keneh katingali
Tuluy dikir kabeh raong ngawaca,*

*"La haula wa laquatu
ila bi l lahi 'aliyi 'adim."
Kabeh lumpat pada gugup.*

Tampak jelas berkelebat,
Raden Samaun terlihat.

Segera menuju Raden Samaun
sedang dikepung kafir.
"Ayo, Saudara, kita tolong."
Ketika sedang berkata, mukmin
tidak ketahuan mengepung

b-w-lm-ng-r menolong Raden
Sama'un
mukmin yang lima belas
dikepung oleh dua laksa.
Kafir mengamuk kepada mukmin,
dua laksa amat beringas.

Berkilatan pedang lalu mengamuk,
kafir mengamuk pula
ke si kafir mengamuk.
Mukmin hanya terluka badan
si kafir berkaparan.

Murtado melompat
lalu berlingung ke pinggir.
Lalu berpikirlah
"Temanku bisa hancur."
Ki Murtado berlari lagi,
Sama'un berteriak.

51. Sedang berlari memanggil Ki//
Sama'un.
"Aduh, pasukan Kangjeng Nabi
celaka Raden Sama'un.
Si kafir mengamuk ke mukmin
teman-teman bertumbangan.

*Itu kolebatna sidik,
raden Sama'un katembong.*

*Seg gancang muru ka raden Samaun
eukeur dironom ku kapir.
"Hayu batur urang tulung."
Bareng eukeur ngomong mumin
teu kanyahoan ngaronom.*

*b-w-lm-ng-r nulungan raden
Sama'un
anu lima welas mumin
ku dua laksa dikepung.
Kapir buk-bek ngamuk mumin,
dua laksa beberenges.*

*Tingburinyay pedang buk-bek
ngamuk,
kapir buk-bek ngamuk deui
ka si kapir buk-bek ngamuk.
Mumin ukur raheut diri
si kapir ngalalonjor.*

*Murtado ngejat
tuluy ka sisi nyalindung.
Tuluy bae mikir
"Atuh batur aing ajur."
Ki Murtado berebet deui,
Sama'un ngagorowok.*

51. *Eukeur lumpat sasambat ka Ki//
Sama'un
"Aduh balad Kangjeng Nabi
cilaka Raden Samaun,
Si kapir ngamuk ka mumin
balad-balad pada dur-dor.*

Durma

Ketika Murtado berlari untuk
mengabarkan
tak ketahuan dari samping
ada kafir lima belas.
Menerjang Ki Murtado.
Ki Murtado menerjang yang lima
belas.

Si kafir mengamuk pula
pedangnya berkilatan
kafir yang lima belas
bertumbangan tak memadai
mati berkaparan.
Ki Murtado berlari kencang.
Waktu berlari datang dua ribu

mengepung prajurit
mengepung Ki Murtado bak lalat
di belatung.
Dengan sigap diamuk lagi.
Tumbang enam puluh
berjatuhan tak ada yang kuat.

Tetapi Ki Murtado terluka badannya
karena senjata si kafir.
Terluka dua belas.
pasukan kafir beronggok-onggok
si kafir yang setumpuk
mengamuk kepada Ki Murtado
yang setumpuk lagi

sedang mengamuk Sama'un.
Berlaksa-laksa keti,
yang sebagiannya
kepada yang lima belas.

Durma

*Barang Murtado keur lumpat arek
nguninga
teu kanyahoan ti gigir
aya kapir lima welas,
Buk-bek ka Ki Murtado.
Ki Murtado buk-bek kanu lima
welas tea.*

*Si kapir ngamuk deui
pedangna tingburinyay
kapir anu lima welas
buk-bek sug-seq teu mahi
jopak marodar.
Ki Murtado lumpat tarik.
Eukeur lumpat datang dua rebu
pisan*

*ngaronom perjurit
ngaronom Ki Murtado lir laleur
dina balatung.
Buk-bek segut diamuk deui
Jopak sawidak
buk-bek taya nu mahi*

*Tatapi Ki Murtado raheut awakna
ku pakarang si kapir.
Tatu dua belas
Balad kapir gugundukan
anu sagunduk si kapir
ngamuk ka Ki Murtado
ari nu sagunduk deui*

*keur ngamuk nya eta Sama'un tea.
Manglaksa-laksa kati,
anu sawarehna
kanu lima welas tea.*

Sama'un mengamuk berani.
52. Dicecar belang// hingga bersih

Terlihat kafir menebas Ki
Murtado.
Sama'un kembali menerjang
karena ibunya berwasiat.
Sama'un kembali menerjang
menolong Ki Murtado.
Diterjang bertumbangan mati.

Separuhnya serdadu telah
mampus
separuh yang sudah mati.
Ki Murtado terlihat,
Sama'un bertanya,
"Mana, Murtado, teman mukmin.
Mengapa tak memberi kabar
kepada teman mukmin?"

Murtado lalu berhatur ke
Sama'un
aku memberi kabar
kepada yang lima belas.
Semuanya berlari kencang
menuju Tuan.
Tak ketahuan dari samping

Datang berlima lalu disabet
lalu diamuk lagi
oleh sahabat kita.
Aku cepat menghindar
akan mengabarkan lagi.
Menuju Tuan
lalu aku berlari kencang.

Sama'un ngamukna wani
52. Dicarar bolang// buk-bek beresih

Katingali kapir buk-bek ka Ki
Murtado.
Sama'un narajang deui
dumeh ibuna wasiat.
Sama'un narajang deui
nulungan Ki Murtado.
Ditarajang sug-seg mati

Saparona serdadu geus sug-seg
modar.
saparo nu geus mati
Ki Murtado katingali,
Sama'un mariksa,
"Mana Murtado batur mumin.
Na teu bebeja
ka batur urang mukmin?"

Murtado ka Ki Sama'un tuluy
haturan,
bebeja pisan kuring
kanu lima welas.
Sadayana lumpat tarik
muru ka gamparan.
Teu kanyahoan ti gigir

Datang anu lima buk-bek dipedang
tuluy diamuk deui
ku sahabat urang.
Kuring ngageuwat ngejat
dek nguningakeun deui.
Muru gamparan
pek kuring lumpat tarik.

Waktu aku sedang berlari
tak ketahuan
datang lagi dari samping
ada lima belas.
Aku berlari lagi
mau menuju Tuan.
Datang lagi kafir bergerombol.
Dua ratus prajurit
lalu dilawan
enam puluh berhasil dibunuh.

Tapi badanku terluka dua belas
